# आकाशवाणी, गोरखपुर

**<u>दिनांक–19 अक्टूबर 2025</u>** **<u>भोजपुरी समाचार</u>**

अजोध्या में दीवाली के पहिले आजु संझा दीपोत्सव क आयोजन कइल जा रहल हौ। दीपोत्सव क नउवां सस्कारण में नया विस्व रेकार्ड बनावे बदे छब्बीस लाख से बेसी दीया बरले क सिलसिला सुरू हो गइल हौ। गिनीज बुक ऑफ वर्ल्ड रेकार्ड क टीमि अजोध्या में मौजूद हौ। सरजू नदी के छप्पन घाटि पे दीया बरले के पहले रामकथा पार्क में दीपोत्सव समारोह में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि–

**आज लाखों लाख दीप अयोध्या धाम में प्रज्जवलित होते हैं। जो हर भारत के संकल्प पर हर भारतवासी के संकल्प के प्रतीक बनते है। ये दीप केवल दीप नही है यह दीप पांच सौ वर्षों के अंधकार में अंधकार पर आस्था के विजय के प्रतीक भी है। पांच सौ वर्षो में इस प्रकार के अपमान को झेलना पड़ा था और इस प्रकार के संघर्षो से हमारे पूर्वज जूझे थे, ये दीप उसी के प्रतीक स्वरूप हैं और तब मर्यादा पुरूषोत्तम भगवान श्रीराम तम्बू में विराजमान थे, और अब जब दीपोत्सव का नौवां संस्करण हो रहा है तब भगवान राम अपने भव्य और दिव्य मंदिर में विराजमान हैं।**

सम्बोधन से पहिले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, पर्यटन मंत्री जयवीर सिंह आ अउरियो जनप्रतिनिधि लोगि रामरथ के खींचि के राम कथा पार्क ले पहुंचवलें, जहवां मुख्यमंत्री गुरू वशिष्ठ के रूप में भगवान श्रीराम क प्रतीकात्मक राजतिलक क धारमिक रिवाज क रसम निभवलें। येह मौका पर ढेरि संख्या में साधु–संतो मौजूद रहलें। एकरे पहिले दुपहरिया में एक्कइस झांकी क भव्य सोभाजतरा निकारल गइल, जेहमें कलाकारन क कई गो दल रामायण के कई गो प्रसंग क मंचन कइलें।

लोगि जगहि–जगहि फूल बरसा के सोभाजतरा क स्वागत कइलें। देर संझा अतिसबाजी आ लेजर–शो के सथहीं ड्रोनो–शो क परदरसन कइल जाई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दिवाली के तिउहार पर प्रदेसवासियन के बधाई आ सुभकामना देत प्रभु श्रीराम से उनके सुख–समृद्धि आ मंगलमय जिनगी क कामना कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने भिन्नही दस बजे से गोरखपुर में कुसुमी जंगल के जंगल तिकोनिया नंबर तीन गांव में वनटांगिया समुदाय के लोगिन के साथे देवाली मनइहे। येह के ले के वनटांगिया लोगिन में बहुते उछाह देखल जा रहल हौ। गांव के लोगि मुख्यमंत्री क अगवानी बदे खूब सजावट कइले हवें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने पहिलके कारकाले से हर सालि वनटांगिया समुदाय के लोगिन के साथे देवाली मनावेलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दसियो साल ले उपेक्षित जीनगी जीये वाले येह समुदाय के विकास के मुख्य धारा से जोड़ले रहलें।

**********

केन्द्रीय रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कहले हवें कि लखनऊ के लोगिन के बहुत जल्दीये सर्कुलर ट्रेन क सौगात मिल जाई। लखनऊ के जानकीपुरम् में आजु हिन्दुस्थान एयरोनॉटिक्स लिमिटेड अउर लखनऊ विकास प्राधिकरण के ओरि से विकसित कइल गइल सामुदायिक विकास केन्द्र क सुरूआत करत रक्षामंत्री बतवलें की जल्दिये ग्यारह फ्लाईओवरों मिलि जाई। येह दौरान उहां के बतवली कि रक्षामंत्रालय रक्षा क्षेत्र में नवाचार के बढ़ावा देवल चाहत हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के ओरि से घोसित अउर बाइस सितंबर से पूरा देस में लागू 'जीएसटी सुधार' से देस भर के उपभोक्ता लोगिन के फायदा मिलि रहल हौ। आकाशवाणी से खास बातचीत में कई राज्य के नेवासी लोगि जीएसटी छूट पर आपन बेचार साझा कइलें।

**मेरा नाम मीनाक्षी है और मैं डिस्ट्रिक्ट सांबा से बिलॉन्ग करती हूं और मैं जो है जीएसटी के बारे में बोलना चाहती हूं मिडिल क्लास लोगों को बहुत फायदा हुआ है मेरी जैसे रेडीमेड की शॉप है इवन की मेरे जो कस्टमर है वह पहले कम थे अब जीएसटी कम होने से मेरे भी काम में जो है काफी ज्यादा फर्क पड़ा है। प्राइम मिनिस्टर साहब नरेंद्र मोदी जी को बहुत–बहुत थैंक यू बोलना चाहती हूं कि जो है कि उन्होंने मिडिल क्लास लोगों के बारे में सोचा। संतोष गुप्ता मैं एक व्यापारी हूं जीएसटी की जो जो दरे कम की है इससेघर के जो खाने पीने का समान है उसमें जीएसटी कम होने से रसोई घर पर खास करके अब वह काफी हद तक अपने बजट में रहेंगे और काफी अच्छा डिसीजन है।**

**********

उत्तर प्रदेश लोकसेवा आयोग पीसीएस प्रारंभिक परीक्षा दुइ हजार पचीस क उत्तर कुंजी वेबसाइट पर जारी कइ दिहले हौ। ई परीक्षा बारह अक्टूबर के दुइ पारी में भइल रहे। उत्तर कुंजी चउबीय अक्टूबर ले वेबसाइट पर मौजूद रही।

**********